





GRÈF

Pou Emodyaliz nan Atè ak Venn



Sa ou Bezwen Konnen pou Rete An Sante avèk yon Grèf

Youn nan tretman ki genyen pou pwoblèm nan ren se emodyaliz (oswa HD). HD retire dechè avèk eksès likid nan san ou. HD se yon aksè a veso ou—ki vle di li se yon fason pou atenn san ou. Gen twa tip aksè: fo kannal, grèf ak katetè. Ti liv sa a pale de grèf.


Osijè grèf

Yon **grèf** se lè yo sèvi ak yon mòso venn sentetik pou konekte yon atè ak yon venn. Sikilasyon san ou fò, sa ki nesèsè pou HD. Venn yo toupre sifas po ou, ki fè yo kapab sèvi ak yon grèf pou HD. Leplisouvan yo plase yon grèf nan bra ou. Ou gen dwa gen yon grèf nan janm ou si pa gen ankenn kote nan bra ou.

Grèf se dezyèm meyè tip aksè ki genyen. Yon fo kannal – yon lyen dirèk ant yon atè ak yon venn – se meyè a, si ou kapab gen youn. An konparezon ak fo kannal la, yon grèf gen plis chans pou:

- li enfekte oswa bouche, piske venn sentetik se yon eleman etranje nan kò ou.
- abime, paske venn sentetik la pa geri tèt li poukont li apre chak itilizasyon.

Pou rezon sa yo, pifò grèf bezwen “sèvis” nan lopital la. Chak ki lè? Li depann de grèf la epi kijan yo okipe li. Direktiv pou doktè di ke omwen 70% nouvo grèf ta dwe dire yon ane, 60% ta dwe dire dezan, epi 50% dwe dire 3 an. (Si yon grèf pa mache, ou gen dwa an mezi jwenn yon fo kannal – mande doktè ou.)



Après chiriji, ou kapab sèvi ak yon grèf apre 2 semèn, oswa apre po ou pa anfle ankò. Doktè oswa enfimyè an ap deside kilè li pare.

Maladi fwa se yon maladi kache – moun pa konnen ou genyen li amwenske ou di yo sa. Men yon grèf (oswa sikatris nan bra ou, anlè li) gen dwa parèt, ki se yon bagay pou ou abi-tye ak li. Li nòmal pou ou santi ou tris poutèt chanjman nan kò ou, epi pa gen pwoblèm si ou vle pale ak yon moun pou di kijan ou santi ou. Travayè sosyal dyaliz ou a ansanm ak lòt pasyan gen dwa itil lè ou bezwen pale.



Kisa yo rele “sendwòm vòlè”?

» Yon chirijyen dwe balanse bezwen ou genyen pou yon HD avèk fonksyonman bra ou. Sendròm vòlè vle di grèf la “vòlè” twòp san nan bra ou. Sa lakòz men ou frèt epi ankilozè. Si sa rive, kite chirijyen ou konnen touswit; grèf ou a gen dwa bezwen reparasyon. Mete yon gan pandan HD, mande yon pad chofan, oswa bouje bra ou pou ou santi ou mye.



Sèvi ak Grèf ou pou Dyaliz



Etap 1: Lave men

Premye etap lè w ap sèvi ak yon grèf se pou manm estaf la lave men li. Administrasyon Sekirite ak Sante Okipasyonèl (“Occupational Safety and Health Administration” oswa OSHA) egzije pou manm estaf yo lave men yo epi mete gan pou pwoteje tèt yo epi pwoteje ou. Sant ou a va aprann ou kijan pou ou lave bra ki konsene an anvan HD.

Etap 2: Chèche enfeksyon

Chak fwa ou gen yon tretman HD, enfimyè oswa teknisyen an pwal chèche siy enfeksyon oswa domaj grèf ou an. Siy sa yo enkli:

- Woujè, chalè oswa anfleman
- Kote ki mou
- Pi oswa sansibilite

Si ou gen lafyèv oswa ou santi ou fèb, kite ekip swen ou konnen.

Etap 3: koute sikilasyon san ou

Enfimyè oswa teknisyen an pwal koute sikilasyon san an nan grèf la avèk yon estetoskop.

Etap 4: Netwaye aksè a avèk yon pwodwi pou jèm



Enfimyè oswa teknisyen an pwal netwaye bra ou avèk yon twal gaz epi yon solisyon ki pou touye jèm avan ou itilize grèf ou a pou dyaliz.

Etap 5: Anplasan zegi yo

Yo itilize de zegi pou HD. Yon zegi “ateriyèl” mennen san ou nan dyalizè a. Yon zegi “pou venn” mennen san an tounen nan kò ou. Enfimyè oswa teknisyen an pwal mare yon tounikè (yon elastik) toutotou bra ou pou veso san yo byen parèt. Pandan HD, zegi yo pa dwe fè mal. Si yo fè mal, kite ekip swen ou an konnen.

Etap 6: Retire Zegi yo

Aprè yon tretman, enfimyè a oswa teknisyen an – oswa ou menm – pwal retire tep la epi retire zegi yo. Kou ou retire *zegi yo nèt*, w ap gen pou ou peze pati kote yo te ye yo pou 10 minit pou san an sispann koule. **Pa janm kite pèsonn peze grèf ou a pandan w ap retire zegi yo. Sa gen dwa andomaje grèf ou a.** Estaf la pwal aprann ou kijan pou ou peze po a kòm sadwa. Si ou pa peze pati po sa yo ase, sa gen dwa lakòz ematòm (sèyman anba po) oswa sèyman apre ou kite sant la.



Imaj ak Grèf

Jan ou jere grèf ou an se desizyon pa ou – ou gen dwa chwazi montre grèf ou an avèk fyète oswa kouvri li.

» “Pati anlè bra mwen an gen yon grèf ke mwen pa janm menm itilize...bagay sa a se yon tenten. Pati anba bra mwen an gen grèf k ap mache an; yo te oblije fè plizyè chanjman ladan, epi gen de kote, apre sizan depi mwen genyen li, ki fè douk. Mwen sanble Popeye. Mwen sipoze mwen ta kapab kache tout bagay sa yo, men lè fè cho mwen vle manch ki kout. Epi mwen naje tou lè mwen kapab. Mwen deside pou mwen pa kite sa lòt moun panse aji sou vi mwen. M ap jwi lavi a, ki se yon kado bondye epi ki posib grasa grèf sa a. Mwen pran opòtinite mwen genyen pou edike moun sou kisa dyaliz ye epitou sou don ògàn. Donk olye pou mwen gade move bagay ki genyen... mwen fè yo tounen bagay pozitif. Menm jan ak sikatris mwen genyen apre mwen fè 3 pitit—mak venn avèk sikatris sezaryèn nan. Mwen pa tap chanje bagay sa yo pou anyen...”

» “Mwen gen yon manch elastik (lach) menm koulè ak po mwen ke mwen itilize pou kouvri grèf ki nan bra divat mwen lè mwen gen rad ak manch kout. Li sòti nan ponyent mwen rive nan koud mwen. Malgre moun kapab wè li, li mwen lèd pase bra anfle mwen an. Mwen mete li lepli souvan pou anpeche douk mwen yo pete. Mwen jwenn li nan yon magazen ekipman medikal. Mwen panse yo fè li pou moun ki boule. Li konfòtab anpil epi li plizoumwen pwoteje mwen.”

Kijan pou ou Kenbe Grèf ou a an Sante

Pa gen aksè HD ki pafè. Premye itilizasyon yon nouvo grèf se gen dwa yon defi. Li gen dwa difisil pou estaf la mete zegi yo, e sa gen dwa mande plis pase yon esè. Ou kapab *enfiltre* yon grèf: yon zegi antre sou yon bò veso a epi soti sou lòt bò. San koule andedan tisi ou, sa ki lakòz enfleman ak blesi. W ap oblije gen yon nouvo zegi an plas, epi blesi yo gen dwa fè ou mal.

Gen de manm estaf ki bon anpil nan zafè mete zegi nan yon grèf ki difisil pou itilize. Pifò sant ap gen manm estaf sa yo disponib pou ede ou. Enfeksyon, boul san, ak grèf ki chire se lòt pwoblèm ki gen dwa rive.

Enfeksyon

Gen dwa gen enfeksyon avèk *nenpòt* ki kalite aksè. Bakteri tout kote—sou po ou, nan nen ou, sou sifas Si zegi a pouse yo antre nan san ou, yo gen dwa koze anpwazònman oswa *enfeksyon nan san*. Enfeksyon nan san gen dwa koze lanmò. Pi bon defans ou se lave bra (oswa janm) kote grèf la ye a avèk savon anti-bakteri oswa alkòl anvan chak tretman.

Kenbe Grèf ou an Vizib pandan Dyaliz

» Pandan HD, pa kouvri grèf ou pou manm estaf la kapab wè li. Si yon zegi glise, estaf la ap konnen touswit epi y ap ede ou. Ou gen dwa gen yon ti lenn sou ou – men pa janm kouvri grèf ou a.



Bakteri antre nan bouch ou lòt fason (tan-kou lè ou fè netwaye dan ou) epi yo gen dwa antre nan grèf la atravè san ou epi koze yon enfeksyon. Siyeve chalè, woujè, oswa anfleman bò grèf ou a. Ou gen dwa gen lafyèv—oswa santi kòm kwa ou gen lagrip. Si sa rive, mande ekip swen ou a pou tcheke si grèf ou a pa enfekte.



Kisa Pasyan Di sou Zegi Dyaliz yo

Anpil moun ki chwazi HD pè zegi. Ou gen dwa pran medikaman pou ankiwoze kote pou zegi yo antre. Ki sansasyon ou genyen lè y ap mete zegi yo? Moun ki pase pa la kapab di ou:

» “Mwen pa pran ankenn medikaman. Lè mwen te fèk komanse, mwen te pè menm jan avèk ou. Sa ki te ede mwen se te vizyalize nan tèt mwen. Mwen di tèt mwen ke sèl pati mwen vrèman pat renmen se te pati foure zegi a. Mwen reyalize ke sa t ap dire yon demi-segonn sèlman pou chak zegi. Sa mwen te pè a t ap dire yon total yon segonn sèlman. Mwen deside mwen t ap kapab sibi doulè a pou ti tan sa a.”

» “Nan esperyans pa mwen, zegi lidokayin fè mal pou detwa segonn sèlman (pafwa mwen pa menm santi yo ankò). Epi tou, lè mwen te santi zegi yo k ap antre, li te fè mal tout bon, men li te fè mwen mal ke sa mwen te panse. Men doulè a te dire plizyè minit pou mwen. Mwen pito lidokayin nan epi mwen kontan mwen kapab chwazi.”

Estenòz: Lè veso san yo vin pi fen

Estenòz gen dwa ralanti pasaj san ki ale oswa ki sòti nan grèf la jiskaske ou vin pa gen ase HD pou ou santi ou ase byen. Dabitid gen ase tan pou ranje li *avan* grèf la andomaje. Men detwa bagay ou kapab fè:




- Manyen “buzz” grèf ou a chak jou. Rele doktè a si gen chanjman.
- Si ou gen sèyman ki difisil pou sispann apre pifò tretman HD yo, presyon nan grèf ou an gen dwa pi wo poutèt yon estenòz. rele doktè a.
- Pa kite pèsonn pran san, kòmanse yon IV, oswa pran tansyon ou si ou gen yon grèf nan bra ou.



Regle Estenòz la

» Itrason kapab verifye sikilasyon san an nan grèf ou a. Si gen yon pwoblèm:

- Yo kapab mete yon ti balon nan veso a epi gonfle li (anjyoplasti).
- Yo gen dwa plase yon metal nan veso an pou kenbe l ouvri.
- Yo gen dwa fè chiriji pou ranje oswar ranplase grèf ou a.



Atansyon a Boul San ki nan Lib!

»Yon boul san nan grèf ou an gen dwa pa rete an plas. Boul san gen dwa nan lib epi vwayaje nan ko ou. Si ou te gen yon boul san resaman epi ou gen mal do oswa pwoblèm respire, chèche jwenn sèvis dijans.

Boul San: Boul San

Selil ki responsab kreye boul (yo rele yo *plaksan*) kole ansanm. Yo sele veso san ki andomaje, tankou bouchon boutèy. Men plaksan kole tou sou tisi sikatrive—epi chak zegi fome yon ti sikatris. Si sikilasyon san an twò lan nan aksè ou, ti sikatris sa yo gen dwa lakòz boul san. Yon boul san gen dwa bloke yon grèf epi anpeche san pase. Y ap gen pou repare grèf la—oswa ranplase li.

Kontrèman a estenòz, yon boul san fèt *rapid*. Siy avètisman yo se yon “thrill” ki ralanti oswa ki sispann. Si ou remake sa, di doktè oswa enfimye ou sa *touswit*.

Gen anpil boul san yo gen dwa trete avèk medikaman, yon pwosedi avèk radyografi, oswa chiriji. Lòt bagay ou kapab fè pou evite boul san sa yo se:


- Di ekip swen ou an touswit si tansyon ou desann pandan dyaliz la: kranp nan misk ou, ou santi tèt ou ap vire, oswa ou gen mal lestomak.
- Pa pran twòp pwa likid ant tretman yo.
- Konnen ki bi ou genyen kòm pwa likid epi kòm pwa sèch. Tcheke se bon pwa likid ki make sou machin nan pou ou paske ou pa vle twò sèch.
- *Pa janm peze grèf ou an*: pa dòmi sou grèf ou an oswa depoze bagay lou sou li. Evite mont, braslè oswa manch ki sere.
- Konnen ki doz medikaman kont boul san ou sanse pran (eparin oswa koumadin) epi poze keksyon pou verifye ou resevwa bon dòz la.

Lè Grèf la Chire

Chak zegi HD kite yon twou—epi grèf sentetik pa kapab geri tèt yo. Si yo mete zegi yo menm kote a a chak fwa, gen de pwoblèm ki gen dwa vin genyen epi menase vi ou:

- Gen dwa vin gen yon kote byen laj nan pawa grèf la ki vin fòme—epi li gen dwa pete. Lè pawa veso san yo febli epi vin fè tankou balon, yo rele sa yon *aneris*. Nan ka yon grèf, yo rele sa yon *fò aneris*.
- Grèf la gen dwa chire tou piti yon sèl kote oswa plizyè kote. Pafwa, an anglè, yo rele sa “one-site-itis.”

Lè grèf la chire – anpil oswa tou piti – ou riske pèdi anpil san si grèf la pete. Y ap gen pou repare grèf la oswa ranplase li.




Ou kapab evite pwoblèm sa yo lè ou plase nouvo zegi a omwen 1/4 de pati ou te itilize anvan sa a. Konsa, pa gen yon sèl pati ou itilize twòp.

Konklizyon

Pi bon swen pou grèf ou se kenben li an sante pou ou kapab resevwa bonjan HD. Se *grèf ou* an ak sante *ou* ki sou tab. Chans pou grèf ou kontinye mache pi wo si ou se yon patnè aktif ekip swen ou an.

Atansyon:



MEDICAL • EDUCATION
INSTITUTE *inc.*

WWW.MEDICALEDUCATIONINSTITUTE.ORG

© 2009, Medical Education Institute, Inc. www.meiresearch.org